



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH
REPUBLIK INDONESIA
2024

Besek Baris

Besek Berbaris

Penulis : Ririn Aprianita
Ilustrator: Angga Yuniar S.



B3



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH
REPUBLIK INDONESIA
2024

Besek Baris

Besek Berbaris

Penulis: Ririn Aprianita

Ilustrator: Angga Yuniar S.

**Hak cipta pada Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah
Dilindungi Undang-Undang.**

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

**BESEK BARIS
(BESEK BERBARIS)**

Penulis : Ririn Aprianita
Ilustrator : Angga Yuniar Santosa
Penerjemah : Ririn Aprianita
Penyunting : 1. Bahasa Jawa : Wiwin Erni Siti Nurlina
 2. Bahasa Indonesia: Nanik Sumarsih
Penata letak : Angga Yuniar Santosa
Tim Pelaksana: 1. Wuri Rohayati
 2. Wuroidatil Hamro
 3. Nindwihapsari
 4. M. Haris Ardhani
 5. Rino Edrianto

Penerbit
Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2024
ISBN 978-634-00-0421-2 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic.
ii, 16 hlm., 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Bahasa Menyapa

Hai, Pembaca yang Budiman.

Pada tahun 2024 Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta kembali mempersembahkan 97 buku cerita anak seperti yang dilakukan pada tahun 2023. Jika pada tahun 2023 ada sepuluh buku cerita yang bersumber dari manuskrip koleksi Balai Bahasa Provinsi DIY, pada tahun 2024 ini buku cerita sepenuhnya bersumber dari nuansa lokal Yogyakarta dan sekitarnya.

Buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya. Semoga buku ini dapat mendorong minat membaca masyarakat. Selain itu, kami berharap bahwa melalui buku ini, semangat masyarakat dalam melestarikan bahasa daerah makin kuat.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY,

Dwi Pratiwi



Mengko bengi nèng omahé Arya dianakaké slametan Ruwahan. Ruwahan yaikuadicara kanggo ngirim donga marang leluhur ing sasi Ruwah.

Ibu diréwangi tangga teparo, mangsak gawé dhaharan. Déné Bapak nyepakaké papan lan klasa kanggo ngaji para warga.

Nanti malam di rumah Arya diadakan selamatan Ruwahan. Ruwahan adalah acara untuk mengirim doa bagi leluhur pada bulan Ruwah.

Ibu dibantu oleh tetangga memasak makanan. Sedang Bapak menyiapkan tempat dan tikar untuk mengaji warga.





Udakara jam sewelas anggoné mangsak wis rampung. Ibu banjur nyepakaké bèsèk lan takir, diasta nyang pawon. Bèsèk yaiku wadah kothak sing digawé saka nam-naman pring. Déné takir yaiku wadah cilik sing digawé saka godhong gedhang. Wujudé takir kaya prau.

Sekitar pukul sebelas, ibu sudah selesai memasak. Ibu lalu menyiapkan besek dan takir, dibawa ke dapur. Besek yaitu wadah kotak yang dibuat dari anyaman bambu. Sedang takir adalah wadah kecil yang dibuat dari daun pisang. Bentuk takir menyerupai perahu.





Dhaharan sing wis dimangsak, mbaka siji diwadahi takir.
Saben takir isiné sawerna.

Manéka warna dhaharan ditata njero bèsèk kanggo
kendurèn. Isiné yaiku sega salawuhé, apem, lan ketan.

Makanan yang sudah dimasak, satu per satu diwadahi
takir. Setiap takir berisi satu macam.
Aneka makanan ditata di dalam besek untuk kenduri.
Isinya, yaitu nasi dan lauk-pauk, apem, serta ketan.

Ngarepé adzan Dhuhur, Arya lan Arum mulih saka sekolah.

Wingi Bapak Ibu wis ngendika ngenani slametan ruwahan. Mula kekaroné padha kepéngin ngréwangi.

“Kula didhawuhi bantu napa, Bu?” pitakoné Arum sawisé salim. Ibu ndhawuhi Arya lan Arum maem lan sholat dhisik. Bapak uga weling supaya wisuh lan salin sandhangan.

Menjelang azan Zuhur, Arya dan Arum pulang dari sekolah. Kemarin Bapak Ibu sudah berbicara tentang selamatan ruwahan. Sehingga kedua anak itu ingin membantu.

“Saya disuruh membantu apa, Bu?” tanya Arum setelah bersalaman. Ibu menyuruh Arya dan Arum makan dan salat dulu. Bapak juga berpesan agar cuci tangan dan berganti pakaian.



Sawisé maem lan sholat, Arya lan Arum nyusul Ibu nèng pawon. “Kula sampun siap, Bu,” kandhané Arya mempeng.

Ibu ndhawuhi Arya mindhahi bèsèk sing wis komplit tumuju méja ruang tamu. “Mengko sisan diétung, ya. Yèn wis genep wolulas matura Ibu.”

Setelah makan dan salat, Arya dan Arum menyusul Ibu di dapur. “Saya sudah siap, Bu,” kata Arya bersemangat.

Ibu meminta Arya memindahkan besek yang sudah terisi lengkap ke meja ruang tamu. “Nanti sekalian dihitung ya. Kalau sudah lengkap delapan belas bilang ke Ibu.”



Arya njupuki bèsèk iku mbaka siji, digawa nang méja ruang tamu. Déné Arum didhawuhi mèlu nata takir isi lawuh ing njero bèsèk.

“Arya didhawuhi ngétung bèsèk kagem napa, Bu?” pitakone Arum sinambi nata takir. Ibu ngendika yèn bèsèk iku arep dikirim kanggo para sedulur.

Arya mengambil besek satu per satu, dibawa ke meja ruang tamu. Sedang Arum diminta ikut menata takir berisi lauk ke dalam besek.

“Arya disuruh menghitung besek buat apa, Bu?” tanya Arum sambil menata takir. Ibu berkata kalau besek itu akan dikirim untuk para kerabat.



Arya isih mempeng mindhahi bèsèk saka pawon tumuju méja ruang tamu. Arum banjur nyusul Arya sawisé rampung nata takir. “Anggonmu nata bèsèk wis éntuk pira, Dhik?” pitakoné Arum.

“Anu Mbak...adhuh...lali...pira ya mau kaé,” semauré Arya katon bingung.

Arya masih bersemangat memindahkan besek dari dapur ke meja ruang tamu. Arum lalu menyusul Arya setelah selesai menata takir. “Menata beseknya sudah dapat berapa, Dik?” tanya Arum.

“Anu Mbak...aduh...lupa...berapa ya tadi,” jawab Arya tampak bingung.




Arum banjur mriksa bèsèk nèng ruwang tamu. Dhèwèké kagèt amarga bèsèk-bèsèk iku ora temata. Bèsèk mung disèlèhaké méja nanging ora ditata kanthi rapi.

“Oalah, Dhik, bener menawa kowé bingung utawa lali étungané,” Arum ngguyu. “Ayo, takajari carané supaya gampang anggonmu ngétung!”

Arum lalu memeriksa beseck di ruang tamu. Ia kaget karena beseck-beseck itu tidak tertata. Beseck hanya diletakkan di meja namun tidak ditata dengan rapi.

“Oalah, Dik, pantas saja kamu bingung atau lupa hitungannya,” Arum tertawa. “Ayo, kuajari cara supaya gampang menghitungnya!”



Arum nyontoni Arya cara nata bèsèk supaya gampang diétung. Bèsèk digawé rong larik, ditata kanthi rapi.

“Naaah...ngéné iki, Dhik. Saiki étungen cacahé bèsèk ana ing larik ndhuwur dhéwé.”

Arya banjur ngétung nganggo driji, “siji, loro, telu, papat, lima, nem.”

Arum memberi contoh Arya cara menata besek supaya gampang dihitung. Besek dibuat dua baris, ditata dengan rapi.

“Naaah...seperti ini, Dik. Sekarang hitung banyaknya besek pada barisan pertama.” Arya lalu menghitung dengan jari, “satu, dua, tiga, empat, lima, enam.”



“Iya, bener. Larik ngisoré uga padha ana nem,”
ujaré Arum.

“O, aku ngerti. Yèn ngono kabèhé ana nem tambah
nem...rolas,” Arya nyaut sumringah.

“Naaah, pinter...Ngétungé bisa nem pindho, dadiné
rolas,” Arum nerangaké. Arya manthuk-manthuk tandha
wis ngerti.

“Iya, benar. Baris bawahnya juga sama, ada enam,”
kata Arum.

“O, aku tahu. Kalau begitu semuanya ada enam ditambah
enam...dua belas,” Arya menyahut riang.

“Naaah, pintar...Menghitungnya bisa juga dua kali enam,
jadi dua belas,” Arum menjelaskan. Arya
mengangguk-angguk tanda mengerti.

$$6 + 6 = 12$$

$$6 \times 2 = 12$$

“Njur kurang pira sing kudu digawa mréné?” pitakoné Arum. Arya ngitung sedhéla, wolulas disuda rolas. Asilé yaiku enim.

“Iya, bener. Ayo takéwangi nggawa mréné,” kandhane Arum. Kekaroné banjur bareng-bareng jupuk bèsèk ana pawon.

“Lantas kurang berapa yang harus dibawa ke sini?” tanya Arum. Arya menghitung sebentar, delapan belas dikurangi dua belas. Hasilnya yaitu enam.

“Iya, benar. Ayo kubantu membawa ke sini,” kata Arum. Keduanya lalu bersama-sama mengambil besek di dapur.



Nalika bèsèk disèlèhaké méja, jebul larikan mau wis ora cukup. “Kepiyé iki, Mbak? Panggonané ora cukup,” pitakoné Arya.

“Ora papa,” kandhané Arum, “isa digawé larik siji menèh iki.”

Bèsèk ditata ana ing larik ketelu.

Ketika besek diletakkan di meja, ternyata barisan semula sudah tidak cukup. “Bagaimana ini, Mbak? Tempatnya tidak cukup,” tanya Arya.

“Tidak apa,” kata Arum, “bisa dibuat satu baris lagi ini.”
Besek ditata pada baris ketiga.



Bèsèk wis kebak telung larik. Arum kandha marang Arya supaya ngétung cacahé. Carané kaya sing diajaraké mau.

Arya semaur, “Gampang! Iki ana telung larik, saben larik ana bèsèk nem.” Dhèwèké mbacutaké, “Dadiné nem ping telu...wolulas, Mbak.”

Besek sudah penuh tiga baris. Arum meminta Arya menghitung banyaknya. Caranya seperti yang diajarkan tadi.

Arya menjawab, “Gampang! Ini ada tiga baris, setiap baris ada enam besek.” Ia melanjutkan, “Jadi enam kali tiga...delapan belas, Mbak.”



“Naaah, pinter,” Arum ngacungaké jempol marang adhiné. “Saiki matura Ibu yèn bèsèké wis genep.”

Arya banjur mlaku nyang pawon saperlu matur karo Ibu. Sawisé nampa aturé putrané, Bapak lan Ibu banjur tindak ruang tamu. Bapak Ibu ngalem putra-putrané sing padha pinter mbantu.

“Naaah, pintar,” Arum mengacungkan jempol pada adiknya. “Sekarang lapor Ibu kalau beseknya sudah lengkap.”

Arya lalu berjalan ke dapur untuk bilang pada Ibu. Setelah menerima kabar dari putranya, Bapak dan Ibu kemudian menuju ruang tamu. Bapak Ibu memuji putra-putrinya yang pintar membantu.



Bèsèk-bèsèk iku banjur ditumpuk mbaka telu lan ditalèni rafia. Arum lan Arya ngréwangi nggawa bèsèk dilebokaké mobil. Bapak Ibu nututi nèng mburiné.

“Mau bèsèké baris, saiki awaké dhéwé sing baris ya, Mbak,” ujaré Arya. Bapak Ibu gumujeng mireng celathuné Arya.

Besek-besek itu lalu ditumpuk per tiga besek dan diikat rafia. Arum dan Arya membantu memasukkan besek ke dalam mobil. Bapak Ibu mengikuti di belakangnya.

“Tadi beseknya berbaris, sekarang kita yang berbaris ya, Mbak,” kata Arya. Bapak Ibu tertawa mendengar perkataan Arya.



BIODATA



Penulis dan Penerjemah

Ririn Aprianita, lahir di Gunungkidul pada tanggal 8 April 1987. Ibu dua anak ini sehari-hari berprofesi sebagai guru matematika di salah satu SMP di Gunungkidul. Melalui karyanya ini ia berharap agar pembaca, khususnya anak-anak, dapat memahami pentingnya matematika dalam kehidupan sehari-hari. Selain itu, ia juga berharap agar bahan bacaan ini dapat turut melestarikan bahasa daerah sekaligus budayanya.



Ilustrator

Angga Yuniar Santosa, seorang ilustrator yang tinggal di Mimpinglukis Art Studio, Perum. Gunung polo Kav. A9 Argorejo, Sedayu, Bantul, Yogyakarta. Saat ini sedang mengajar di Prodi Animasi dan Tata Kelola Seni ISI Yogyakarta. Aktif berkarya seni dan mengisi mentoring workshop di berbagai event edukasi. WA 082227597591



Penyunting Bahasa Jawa

Wiwin Erni Siti Nurlina, M.Hum., penyunting bekerja sebagai peneliti di Pusat Riset Bahasa, Sastra, dan Komunitas, Badan Riset dan Inovasi Nasional, Indonesia. Ia menyelesaikan studi jurusan Sastra Nusantara di Universitas Gadjah Mada pada tahun 1987 dan menyelesaikan program pascasarjana jurusan ilmu linguistik di Universitas Gadjah Mada pada tahun 1999. Pengalaman sebagai penyunting, sudah lama dilakukannya sejak dia menjadi peneliti di Balai Bahasa Yogyakarta sejak tahun 1994. Kepakaran itu didasari dengan pengalamannya sebagai (a) anggota dewan redaksi dan editor Jurnal Ilmiah Widyaparwa, (b) penyunting beberapa buku dan kamus yang sudah terbit, (c) penyuluhan kebahasaan, dan (d) dosen praktisi pada program Kampus Merdeka. Hasil tulisan yang diterbitkan berupa artikel jurnal nasional maupun internasional, monograf, kamus, tata bahasa Jawa, dan artikel populer di media massa. Ia juga aktif mempresentasikan paper secara nasional dan internasional. Dia dapat dihubungi melalui posel: wiwi019@brin.go.id.




Penyunting Bahasa Indonesia

Nanik Sumarsih, S.Pd., M.A., merupakan lulusan S-2 Ilmu Linguistik, UGM. Sejak Januari 2005 diangkat menjadi PNS di Balai Bahasa Provinsi DIY. Saat ini dia merupakan Widyabasa Ahli Muda di Balai Bahasa Provinsi DIY. Fungsional lain yang pernah diembannya adalah sebagai Peneliti Bahasa dan Sastra. Kegiatan yang dilakukan, antara lain penyuntingan, pengkajian, penyuluhan, dan pelayanan ahli bahasa. Saat ini merupakan tim editorial jurnal Widyaparwa, majalah Tetra, dan majalah Tugu Literasi.

Akses buku-buku produk penerjemahan lainnya melalui laman:

<https://penerjemahan.kemdikbud.go.id>



MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Arya didhawuhi ngétung bèsèk kendhurèn nalika ana slametan nèng omahé. Nanging dhéwéke bingung nalika ngétung bèsèk-bèsèk iku. Arum, mbakyuné, ngajari Arya ngétung kanthi cara kang luwih gampang. Kepiyé cara sing diajarké Arum supaya Arya ora bingung menèh?

Arya diminta menghitung besek kenduri ketika ada selamatatan di rumahnya. Namun, ia bingung ketika menghitung besek-besek itu. Arum, kakaknya, mengajari Arya menghitung dengan cara yang lebih mudah. Bagaimana cara yang diajarkan Arum agar Arya tidak bingung lagi?



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH
REPUBLIK INDONESIA
2024

ISBN 978-634-00-0421-2 (PDF)

